



# Ti fi ak ti gason, syantis natirèl

Sijesyon pou sipòte fanmi an favè  
nouvo aprantisaj amizan



## Èske w te konnen ke nou tout se syantis!

Lè ou fè manje, lè ou pale nan telefòn, lè ou fè lesiv, lè ou mete linèt solèy, oswa lè ou mande ki nivo tanperati a? Ou itilize konsepsyon syantifik pou w satisfè bezwen chak jou.

**Syans** se yon fason pou panse ak poze tèt nou kesyon, ki pèmèt nou dekouvri kijan eleman ak fenomèn ki fèt nan anviwònman an fonksyone, ki favorize kalite lavi nou nan divès domèn.

Timoun yo atire nan syans, yo se syantis natirèl kirye, yo dekouvri ak eksplore anviwònman an **ak tout sans; yo grandi, devlope ak aprann nan entèraksyon ak anviwònman an pandan y ap chèche konprann ak entèprete mond ki antoure yo a.**

## Poukisa li enpòtan pou anseye timoun yo syans?

Jwe ak aprann atravè syans pèmèt timoun yo amelyore kiryozi natirèl yo ak kapasite nan jenere kesyon an relasyon ak fason anviwònman an fonksyone; Li avorize yon devlopman konplè, li pèmèt yo reyalize aprann fonksyone pwogresivman nan lavi chak jou, li devlope opinyon yo ak panse kritik yo, yo dwe enfòmè sitwayen, responsab pou tèt yo ak anviwònman kote n ap viv la.

## Ki jan yo amelyore kiryozi timoun yo atravè syans nan aktivite chak jou nan kay la?

- Sa ki pi enpòtan se pou nou gen konviksyon ke tout moun (granmoun, ti gason ak tifi) kapab fè syans.
- Jwi ak eksplore anviwònman natirèl la ansanm ak timoun yo, amelyore kiryozi ak kapasite pou sezi; peye atansyon espesyal sou enterè ak opinyon timoun yo an relasyon ak sa yo obsève ak dekouvri.
- Ansanm ak timoun yo, fè ti koleksyon divès eleman pou eksplore karakteristik yo, pa egzanp kolekte epi obsève diferan kalite fèy, wòch, branch, kalite tè, obsève ensèk ak pinèz ki abite anba wòch yo.
- Sipòte timoun yo pou yo jenere pwòp kesyon pa yo ki motive yo pou yo konnen ak aprann plis, pa egzanp, poukisa ou panse kalmason an gen yon kokiy? Pou kisa yo pral sèvi ak li? Ki jan nou ka konnen? Kisa ki ka rive si...?
- Dekouvri efè van an ak lòt fenomèn natirèl tankou lapli, lakansyèl, elatriye.

- Eksplòre karakteristik dlo yo, transfere ak divès kalite eleman tankou gout, antonwa, egoutwa; fè solisyon ak tè, jelatin, sèl, kòloran, pami lòt bagay.
- Ansanm ak timoun yo, imajine antisipasyon rezilta yo, obsève chanjman yo, estimile kiryozi lè w poze kesyon tankou: kisa ki ta rive si nou sispann wouze plant lan? Èske ou ta ka eksplike sa ki te pase ak kib glas la? kisa w ka fè pouw pa santi fred. ?
- Konnen epi obsève sik lavi plant yo, bèt ak ensèk yo.
- Konnen konpozan linivè a, karakteristik li yo nan entèrelasyon yo, pa egzanp obsève efè yo nan solèy la nan diferan moman nan jounen an, lalin nan ak zetwal yo.



**Sonje ke li enpòtan pou bay tan pou timoun yo dekouvri pou tèt yo epi jwenn repons pou kesyon yo.**



**Ann eksplòre kòm yon fanmi**

[https://www.integra.cl/nuestros-jardines-infantiles/documentos-para-la-familia-y-comunidad/#dearflip-df\\_14123/1/](https://www.integra.cl/nuestros-jardines-infantiles/documentos-para-la-familia-y-comunidad/#dearflip-df_14123/1/)

Antre nan lyen sa yo oswa kòd QR saa pou jwenn resous sipò amizan:



**Alyans Fondasyon Integra ak  
Sèvis Agrikòl SAG:**

Istwa fòn nou an, ann pwoteje bèt sovaj nou yo,  
ann konnen ensèk nou yo pami lòt bèt.

<https://www.integra.cl/familias/trabajo-en-alianza-material-educativo-para-ninos-y-ninas/>



**Alyans Fondasyon Integra ak Mize  
Entèraktif Mirador MIM:**

Kapsil edikatif ak eksperyans syans amizan  
pou fè lakay ou

<https://www.integra.cl/familias/trabajo-en-alianza-material-educativo-para-ninos-y-ninas/>





[www.integra.cl](http://www.integra.cl)